# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के नगिच्चे अइले के सथहीं सज्जों राजनीतिक दलन क चुनाव प्रचार चरम पर पहुचि गइल हवे। भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मुरादाबाद संसदीय सीटि से भाजपा ओम्मेदवार कुमार सर्वेश के समर्थन में आजु एगो जनसभा के संबोधित कइले। बिजनौर जिला के बढ़ापुर विभानसभा क्षेत्र में जनसभा के दौरान उहां के कहलीं कि भाजपा सरकार मे किसान, नौजवान अउर बहु बेटी सुरक्षित हइनि। उनकरे सासन में गुण्डा अउर माफिया येह समय जेल में हउवें। ओहर, समाजवादी पारटी क अध्यक्ष अखिलेश यादव नगीना सुरक्षित लोकसभा सीटि से समाजवादी पारटी के ओम्मेदवार मनोज कुमार के समरथन में जनसभा के संबोधित कइले। उहां के कहली कि ई चुनाव लोकतंत्र अउर संबिधान के रक्षा क चुनाव हौ, येह नाते लोग आपन ओट सोच समझ के दे। उहां के भाजपा सरकार के नीतियन पर तीखा परहारों कइली। प्रदेस के उप मुख्यमंत्री अउर भाजपा नेता केशव प्रसाद मौर्य पारटी कार्यालय में एगो पत्रकार वार्ता के दौरान कहली कि सरकार के नीतियन के नाते पचीस करोड़ से बेसी लोग गरीबी रेखा से बहरे हो चुकल हवे।

भाजपा नेता अउर जल सक्ति मंत्री स्वतंत्र देव सिंह आजु रामपुर पहुंचि के पारटी पदाधिकरियन के साथे बइठकी कइलें। येह बिच्चे अपना दल कमेरवादी क नेता अउर विधायक पल्लवी पटेल रायबरेली सीटि से पिछड़ा, दलित, मुस्लिम मोर्चा की ओरि से अपने ओम्मेदवार के नांव क घोसणा कइ दिहले हइनि। उहां के पारटी के प्रदेस उपाध्यक्ष हाफिज मोहम्मद मोबिन के ओम्मेदवार बनवले हइनि।

**********

बलरामपुर देवीपाटन सक्तिपीठ पर नवरातर के पचवां दिन्ने बाबा रतन नाथ क जतरा पहुंचले पर सरधालु ओकर भव्य स्वागत कइलें। ई जतरा नेपाल के दांग जिला के बाबा रातन नाथ के आश्रम से निकरि के सक्तिपीठ पहुंचल हवे जहवां नौमी ले देवी पूजन क पूरा कार बाबा रतन नाथ क अनुयायी करिहें। पौराणिक मान्यता हौ कि बाबा रतन नाथ के तपस्या से प्रेरित हो के मां पाटेश्वरी ओन्हें ई बरदान दिहले रहलिनि। ओही परम्परा के निभावत बाबा के मोक्ष मिलले के बादे उनकर अनुयायी ई जतरा ले के सक्तिपीठ पहुचे लें। ई जतरा न खाली दुन्नो देसन के धारमिक भावना के मजबूत करे ला, बलुक उनके सम्बन्धो के मजबूती दे रहल हवे।

**********

चइत नवरात के पचवां दिन्ने सरधालु स्कंदमाता के स्वरूप क पूजा–पाठ कइ रहल हवें। गोरखपुर क तरकुलहा, महराजगंज क लेहड़ा देवी अउर  बलरामपुर क देवीपाटन सक्तिपीठ पर चइत नवरातर के नाते सरधलुअन क भारी भीड़ि हो रहल हवे। बनारस जिला में स्कंदमाता के बागेश्वरी रूपी अति प्राचीन भव्य मंदिर पर आजु भिन्नहियें से सरधलुअन क भारी भीड़ि हौ। ई मंदिर सैकड़ो बरिस से लोगिन के आस्था क केन्द्र हवे। मान्यता हौ कि नवरातर में येह मंदिर में माता के दरसन मात्र से मनचाहा इच्छा पूरा होला। बनारस में नवरातर के पचवां दिन्ने विशालाक्षी मंदिरो पर दरसन क विधान हौ। येह मौका पर माता क खास श्रृंगार कइल गइल हौ अउर भोरवें से सरधालु दरसन–पूजन कइ रहल हवें।

**********

कुशीनगर जिला में भगवान बुद्ध के महापरिनिर्वाण स्थल स्थित स्तूप के सुरक्षा खातिर गौतम बुद्ध मंदिर के चारो ओरि से रेसम के डोरी क घेरा लगावल जा रहल हौ। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि करीब छौ लाख रूपिया के लागति से लगावल जा रहल येह डोरी पर घाम अउर पानी क असर नाहीं पड़ी। भारतीय पुरातत्व सवेक्षण विभाग येह खास सिंथेटिक रेसम क डोरी मध्य प्रदेस के बुरहानपुर से मंगवले हवे, जवन देखले में खास अउर मजबूतो हौ।

**********

अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान एम्स गोरखपुर पनरह अपरैल ले स्वच्छता पखवाड़ा मना रहल हौ। भारत सरकार क स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्रालय में संयुक्त सचिव वेक्टर बार्न डिजीज कंट्रोल प्रोग्राम राजीव मांझी काल्हि येह पखवाड़ा में हिस्सा ले के साफ–सफाई के महातम क सनेसा दिहलें। उहां के फाइलेरिया, कालाजार नेटवर्क के सदस्यन से येह बेमारियन के उन्मूलन खातिर चलि रहल नवाचारन के बारे में चरचा कइलीं। एहसे पहिले कुशीनगर जिला क दौरा कइ के संयुक्त सचिव वेक्टर जनित बेमारियन क गहराई से समीक्षा कइलें। उहां के ओहवां  कालाजार अउर कुस्ट से ठीक भइल लोगिनों से भेंटि कइलें।

**********

अपरैल महिन्ना में पड़ि रहल ढेर गरमी अउर हीट वेब से जुड़ल मौसम विभाग क पूर्वानुमान के देखत कई गो जिलन में स्कूलन के समय में बदलाव भइल हवे। जौनपुर जिला में जिलाधिकारी के निरदेस पर ओहां एक से आठ तक ले लइकन के स्कूलन क समय भिन्नहीं साढ़े सात बजे से दुपहरिया साढ़े बारह बजे तय कइल गइल हवे। ई जनकारी ओहां क जिला बेसिक सिक्षा अधिकारी गोरखनाथ पटेल दिहलें।

**********

बनारस जिला के चौबेपुर में एगो तेज रफ्तार कार तीनि गो साइकिलि सवारन के ठोकरिया दिहलस, जेहमें से दुइ जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल। पेसा से हॉकर तिन्नो साइकिनि सवार पेपर बांटे खातिर निकरल रहलें कि नेसनल हाइवे पर एगो कार ओन्हें ठोकरिया दिहलस। दुरघटना में घाही एगो हॉकर के इलाज बदे अस्पताले में भरती करावल गइल हौ।

**********